

# ETE NAN BIBLIYOTÈK LA

Patisipe Avèk Nou nan yon Avanti Dekouvèt!


Pou plis detay nan lang English, español, 中文, বাংলা, Русский,  
ak العَرَبِيَّة, vizite: [nypl.org/summer](http://nypl.org/summer)



## Tibebe ak Timoun piti

Bibliyotèk la ofri pwogram, liv ak resous gratis pou ede timoun piti yo li, aprann epi amize yo pandan tout ane a. Vini nan sikisal lokal ou a pandan sezon ete sa a!


- Jwenn premye kat bibliyotèk ou.
- Vin jwenn nou pou koute istwa ak patisipe nan plis evènman gratis.
- Fè zanmi epi jwi aktivite yo, atizana yo ak anpil lòt bagay!



## Timoun yo

Pou sezon ete sa a, nou envite ou vin eksplor vil ou a ak tout bagay ki fè katye nou yo ak divès tradisyon nou ki alafwa enkwayab ak amizan.

- Li pandan 20 minit chak jou epi note pwogrè w yo nan kanè aktivite w ak lekti w la, ki disponib nan sikisal yo jiskaske estòk la fini!
- Aprann nan pwogram Summer Adventure gratis nou yo nan sikisal yo, anliy, ak anplennè.
- Amize w nan konferans ekriven yo, evènman anplennè yo, ak anpil lòt bagay—anplis de sa, patisipe nan konkou anyèl redaksyon chak ete nou an pou gen chans genyen yon prim!



## Adolesan yo

Vin kreyatif epi pataje opinyon w ete sa a!

- Dekouvrí bagay pou w fè gratis pandan tout ete a, tankou evènman Anti-Prom yo nan Bronx, Manhattan, ak Staten Island, ak Festival anyèl nou an sou Opinyon Adolesan (Teen Voices Festival), ki genyen ladan Jèn Adilt ekriven yo (YA authors), eksposizyon pou adolesan ak anpil lòt bagay.
- Patisipe nan konkou magazin nou an pou gen yon chans pou yo pibliye w nan magazin *Teen Voices NYPL* la.
- Eksploré pwogram ki pasyonan, ki gratis nan tout sikisal yo atravè vil la! Anplis de sa, pase tan nan Sant pou Adolesan ak nan estidyo anrejistreman nou yo nan lokal respektif yo.



New York  
Public  
Library




Pase nan sikisal lokal ou a pou  
pran yon kalandriye evènman  
oswa vizite nou sou Entènèt!  
[nypl.org/summer](http://nypl.org/summer)

# Jwenn yon Kat Bibliyotèk Gratis

Ou pa janm twò jèn pou gen yon kat bibliyotèk ak pou eksploré tout sa Bibliyotèk la ofri! Jwenn plis detay: [nypl.org/librarycard](http://nypl.org/librarycard)

Pou jwenn yon kat bibliyotèk fizik, jis ale nan sikisal lokal ou a pou w enskri. Timoun ki gen laj 12 zan oswa mwens yo ap bezwen gen otorizasyon yon paran oswa yon responsab legal yo.

Pou jwenn yon kat bibliyotèk nimerik ak pou kòmanse prete liv elektwonik ak liv odyo imedyatman, telechaje aplikasyon gratis lekti elektwonik SimplyE Bibliyotèk la. Timoun ki gen laj 12 zan oswa mwens yo ap bezwen pou yon paran oswa yon responsab legal aplike pou yo. Ann kòmanse: [nypl.org/simplye](http://nypl.org/simplye)



## P Ap Gen Amann pou Reta Ankò!


Èske w te konnen? Ou p ap peye okenn amann ankò pou liv ou remèt anreta nan Bibliyotèk la, kidonk, ou ka prete liv ak anpil lòt bagay nan nenpòt sikisal san okenn enkyetid.

## Kit Dekouvèt STEAM

Konstwi, fè kodaj, epi obsève zetwal yo grasa Kit Dekouvèt STEAM NYPL ki enkwayab la e ki disponib pou prete nan 40 sikisal atravè Bronx, Manhattan ak Staten Island. Eksploré wobotik, astwonomi, jeni, kodaj, ak plis ankò: [nypl.org/steam](http://nypl.org/steam)

## Konekte w avèk Nou

Bilten elektwonik NYPL Kids nou an ki soti chak de semèn, pwopoze aktivite gratis ak anpil lòt bagay—dirèkteman nan bwat mesaj imèl ou a. Enskri pou dekovri tout nouvole ki gen nan Bibliyotèk la pandan tout ane a: [nypl.org/nyplkids](http://nypl.org/nyplkids)



New York  
Public  
Library

[nypl.org/summer](http://nypl.org/summer)  
**#summerreading**